दिन–शुक्रवार दिनांक–28.02.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां केर अभिभाषणक संगहि बिहार विधान मंडलक बजट सत्र आइ सँ शुरू भऽ गेल। अट्ठाईस मार्च धरि चलयवला एहि सत्र मे कुल बीस बैसार होयत। राज्यपाल सदनक सदस्य लोकनि के संबोधित करैत कहलनि जे सरकार राज्यक सर्वांगीण विकास लेल अथक प्रयास कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार सभ वर्ग आ क्षेत्र मे महिलाक उचित प्रतिनिधित्व सुनिश्चित कयलक अछि। राज्यपाल कहलनि जे महिला सभक सशक्तिकरणक बीच राज संस्था, शहरी स्थानीय निकाय आ सरकारी नोकरी मे आरक्षण लागू कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे पहिने कयल गेल संकल्पक अनुसार विधानसभा चुनाव सँ पहिने चौंतीस लाख नोकरी देल जायत। श्री खां प्रदेश लेल केंद्रीय बजट मे कयल गेल विशेष प्रावधान आ वित्तीय सहायता लेल केंद्र सरकार के धन्यवाद देलनि। एहि सँ पूर्व उप मुख्यमंत्री सह वित्त मंत्री सम्राट चौधरी राज्यक आर्थिक सर्वेक्षण सदन मे प्रस्तुत कयलनि। सर्वेक्षणक अनुसार राज्यक अर्थव्यवस्था वर्ष दू हजार एगारह–बारह मे दू लाख सैंतालीस हजार करोड़ टाका सँ बढिकऽ तेईस–चौबीस मे आठ लाख चौवन हजार करोड़ टाका भऽ गेल अछि। सर्वेक्षण मे कहल गेल अछि जे वर्ष दू हजार बाईस–तेईस आ वर्ष दू हजार तेईस–चौबीसक मध्य चाउरक उत्पादन एकैस प्रतिशत आ गहूंमक उत्पादन दस दशमलव सात प्रशित बढ़ल अछि। वर्ष दू हजार तेईस–चौबीस मे बीपीएससी दिस सँ चारि लाख सँ बेसी रिक्त पद के भरबाक लेल विज्ञापन प्रकाशित कयल गेल।

---

विधानसभा मे प्रतिपक्षक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव राज्यपालक अभिभाषण पर प्रतिक्रिया दैत आरोप लगौलनि जे सरकारक कोनो ठोस उपलब्धि नहि अछि। ओ कहलनि जे बिहार सँ

पलायन आ बेरोजगारी मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। श्री यादव बजट सत्र मे सदन के सुचारू रूप सँ चलेबाक मांग कयलनि।

---

उपमुख्यमंत्री आ वित्त मंत्री सम्राट चौधरी तीन मार्च के वित्तीय वर्ष दू  हजार पच्चीस–छब्बीसक बजट सदन मे प्रस्तुत करताह। एहि बेर बजटक आकार तीन लाख करोड़ टाका सँ बेसी हेबाक अनुमान अछि। सूत्रक अनुसार बजट मे वेतन–पेंशन, शिक्षा, ग्रामीण कार्य पथ निर्माण, स्वास्थ्य आ समाज कल्याण विभागक योजना मे बेसी आवंटन भऽ सकैत अछि।

---

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह दरभंगा में मखान प्रोसेसिंग यूनिटक निरीक्षण कयलनि। निरीक्षणक क्रम मे ओ कहलनि जे बिहार मे मखानक नब्बे प्रतिशत खेती होइत अछि, तैं मखानक किसान सभ लेल इंटरक्रापिंगक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। दरभंगा मे ओ पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे एहि व्यवस्था सँ मखानक किसान के आमदनी मे वृद्धि होयत।

---

पटनाक गांधी मैदान मे आइ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेक्युलर दिस सँ दलित समागम के आयोजन कयल गेल। एहि मे पार्टीक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत कतेको गणमान्य लोक सम्मिलित भेलाह।

---

देशक प्रथम राष्ट्रपति देशरत्न डॉक्टर राजेन्द्र प्रसादक बासठम् पुण्यतिथि पर आइ हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल जा रहल छनि। एहि अवसर पर पटनाक बांसघाट स्थित हुनक समाधि

स्थल पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत आनो गणमान्य लोक हुनक समाधि स्थल पर श्रद्धा–सुमन अर्पित कयलनि।

---

मिथिलांचल समेत प्रदेशभरि मे बेस राति दू बाजिकऽ छत्तीस मिनट पर भूकंपक झटका महसूस कयल गेल। रिक्टर पैमाना पर भूकंपक तीव्रता पांच दशमलव पांच नापल गेल। राष्ट्रीय भूकंप केंद्रक अनुसार भुकंपक केंद्र नेपाल में छल। हमर दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, सीतामढ़ी सहित आनो आन जिलाक संवाददाता संवाद देलनि अछि जे अधरतिया मे भूकंपक झटकाक अनुभव होइतहि लोकसभ अपन–अपन घर सँ बाहर निकलि गेलाह। कतहु सँ जान–मालक नोकसान हेबाक संवाद नहि प्राप्त भेल अछि।

---

आइ राष्ट्रीय विज्ञान दिवस अछि। प्रति वर्ष अठारह फरवरी के महान भौतिक वैज्ञानिक सर सी.वी. रमन द्वारा रमन प्रभावक खोजक उपलक्ष्य मे ई दिन मनाओल जाइत अछि। हुनका एहि महत्वपूर्ण खोज लेल वर्ष उन्नैस सय तीस मे नोबल पुरस्कार सँ सम्मानित कयल गेल छलनि। राजधानी पटना सहित आनो–आन ठाम सँ राष्ट्रीय विज्ञान दिवस मनाओल जयबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

---

होली के देखैत यात्री लोकनिक सुविधा लेल रेलवे प्रमुख मार्ग सभ पर अड़तालीस अतिरिक्त विशेष रेलगाड़ी चलेबाक घोषणा कयलक अछि। ई रेलगाड़ी मुम्बई, पुणे आ आनो प्रमुख शहर सँ दानापुर, समस्तीपुर समेत आनो गंतव्य स्थानक मध्य चलत।

---

समाप्त